# LAWOUJÒL

## SE PA JIS YON TI GRATÈL



## Lawoujòl ka danjere, sitou pou tibebe ak timoun piti.

**Sentòm lawoujòl yo tipikman gen ladan yo:**

- Gwo lafyèv (ka monte rive plis pase 104°F)
- Tous
- Nen kap koule
- Wouj ak/oswa je ki plen dlo
- Gratèl (eklate 3-5 jou apre sentòm yo kòmanse)

## Lawoujòl ka grav.

Lawoujòl ka lakòz konplikasyon sante grav, tankou nemoni, anflamasyon nan sèvo a (ansefalit) ak lanmò.

**1 sou 5** moun ki pran lawoujòl pral lopitalize.

**1 sou chak 20** timoun ki gen lawoujòl ap pran nemoni, ki se kòz ki pi komen pou lanmò akòz lawoujòl lakay timoun piti yo.

**1 sou chak 1,000** moun ki gen lawoujòl ap devlope anflamasyon nan sèvo, sa ki ka lakòz domaj nan sèvo.

**1 a 3 sou chak 1,000** moun ki gen lawoujòl ap mouri.

**Lawoujòl kontajye anpil**

epi li gaye nan lè a lè yon moun ki enfekte touse oswa estènye. Yon moun ki gen lawoujòl ka pase l bay 9 sou 10 moun ki pa pran vaksen bò kote yo.



## Vaksinasyon se pi bon fason pou prevni lawoujòl

Yon timoun ta dwe pran vaksen kont lawoujòl-malmouton-ribeyòl (MMR) a laj 12-15 mwa ak 4-6 an. De dòz yo efikas 97% kont lawoujòl.

Klinik vaksinasyon CDPH yo bay.

Vaccines for Children
Iowa HHS

Vaccines for Adults
Iowa HHS

IOWA MEDICAL SOCIETY

Original content created by CDPH